Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- tere na zulu

Jële na ñu ci Abdullah Ibn Umar -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- tere na zulu.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- tere na wat lenni kawaru bopp bàyyi leneen li. Tere gi nag day làmboo góor ñépp ndaw ak mag, budee jigéen nag warut a wat dara ci kawaru boppam.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/8914